



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 8/2/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO TE ANONSE YON ENVESTISMAN \$5 MILYON DOLA POU DEVLOPE ENDISTRI SISTÈM AYERYEN AVYON TELEGIDE YO NAN REJYON NÒ NEW YORK LA**

***Angajman Enpòtan Eta a Pral Ede Endistri Sistèm Ayeryen Avyon Telegide yo Kòmanse Emèje nan New York Santral***

***Investisman yo Konplete pwojè “Central NY Rising” – Ki se yon Inisyativ Pwojè Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a ki Reyisi, pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvo Opòtinite***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon investisman \$5 milyon dola pou sipòte epi devlope Endistri Sistèm Ayeryen Avyon Telegide yo K’ap Emèje nan Eta New York la. Atravè investisman inisyèl sa, Eta a pral apwiye jefò pèmanan pou kreye yon rezo pou inovasyon ak manifakti Sistèm Ayeryen Avyon Telegide yo nan Rejyon Nò New York la, espesyalman nan sipòte konsèp ki te soti NASA yo. Sa pral gen ladan l’ tou planifikasyon ak elaborasyon pwochèn jenerasyon enfrastruktir Jesyon Trafik Sistèm Ayeryen Avyon Telegide yo, tès ak estanda nasyonal pou Sistèm Ayeryen Avyon Telegide yo ak lokal pou evalyasyon, ak yon distrik inovè ki dedike pou Sistèm Ayeryen Avyon Telegide yo, ki nan yon koridò ant vil Syracuse ak vil Wòm.

“Investisman estratejik nan inovasyon ak nan endistri fiti yo se konpozan kle nan apwòch devlopman ekonomik nou an, epi sa se yon sektè k’ap emèje ak gwo kwasans potansyèl”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Angajman sa, ansanm ak patenarya nou ak pati prenanant rejyonal yo nan New York Santral, pral asire ke Eta New York kotinye rete lidè nan devlopman teknoloji modèn, ak nan endistri pou kreyasyon travay yo.”

**Howard Zemsky, ki se Prezidan, CEO & Komisè Devlopman Empire State, te deklare,** “Avèk anons investisman enpòtan sa, Eta New York ap pwolonje angajman l’ sou jefò ki konsantre sou domèn sa k’ap emèje a. Nou detèmine pou nou asire ke eta nou an byen pozisyon nan sa ki gen a wè ak devlopman endistri Sistèm Ayeryen Avyon Telegide yo.”

Anons jodi a rive apre patisipasyon Komisè Zemsky nan yon seminè règleman sou Dwòn yo ak avyasyon fiti, ki te òganize pa Biwo Syans ak Teknoloji Mezon Blanch lan. Investisman \$5 milyon dola sa ranfòse angajman san parèy New York lan pou devlope Endistri Sistèm Ayeryen Avyon Telegide yo atravè estrateji ki mansyone nan plan pwojè

“Central NY Rising” lan. Sa k’ap sipòte jefò sa se prezans enpòtan fim ayewospasyal rejyonal yo, tankou Saab, Lockheed Martin, ak SRC, ansanm ak atou rejyonal yo, tankou Alyans NUAIR ki ap jere yon lokal FAA chwazi pou teste Sistèm Ayeryen Avyon Telegide yo.

**Robert Simpson, ki se Prezidan ak CEO CenterState, epi Ko-Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Rejyonal NY Santral, te deklare,** “Avni jesyon estanda, inovasyon ak teknoloji trafik UAS yo, pare pou plante rasin yo nan New York Santral ak nan Mohawk Valley. Envestisman sa fè pati premye nan angajman plizyè milyon dola Eta New York la atravè plan pwojè ‘Central NY Rising’ lan pou ka devlope sektè sa pi plis bò isit la. Se yon konfimasyon, ke ak ekspètiz sektè prive, patenarya elaji endistri yo, ak lon lokal pou fè tès ke FAA chwazi, nou gen yon wòl lidè pou nou asime nan devlopman global endistri UAS la.”

**Anthony Albanese, ki se Prezidan Gryphon Sensors, te deklare,** “Vizyon lidèchip Eta New York la pral ede akselere entegrasyon komèsyal sekirize UAS nan Sistèm Ayewospasyal Nasyonal la (National Airspace System, NAS). Sa pral gen yon gwo enpak sou biznis ak ekonomi nou yo nan rejyon New York Santral la ak nan Mohawk Valley pou dekad k’ap vini yo.”

**Joanie Mahoney, ki se Chèf Ekzekitif Konte Onondaga, te deklare,** “Angajman Gouvènè Cuomo ansanm ak Eta New York sa, se yon investisman enpòtan nan jefò pou fè yon endistri k’ap emèje vin tounen yon sektè k’ap boujonnen nan ekonomi Rejyon Nò a. Nou fyè de plan estratejik global sa, ke ansanm, nou te elabore ane dènyè pou ranpòte Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò an, epi UAS te yon pwen fokis majè nan pwojè “Central NY Rising” lan. Sa fè’m plezi pou mwen wè Gouvènè an ansanm ak Komisè Zemsky ap reyalize sa yo te di yo pral fè nan sipòte estrateji ak inisyativ yo ki devlope bò isit la o nivo lokal.”

**Anthony Picente Jr., ki se Chèf Ekzekitif Konte Oneida, te deklare,** “Inovasyon se kle kwasans ekonomik dirab sou yon peryòd tan ki long, epi UAS se yon endistri ki gen potansyèl enòm nan debi ak nan emèjans li. Finansman sa pa pral devlope endistri UAS sèlman, men li pral kreye tou travay ak opòtinite ekonomik atravè tout rejyon an. Mwen salye Gouvènè Cuomo poutèt investisman sa pou ka fè avni New York Santral vin pi briyan.”

Aprè yo fin deklare gwo angajman rejyonal ak nan eta a pou fè endistri sa reyisi devlope, enstitisyon edikatif yo, tankou Inivèsite Syracuse ak Mohawk Valley Community College, ap òganize pwogram fòmasyon ak jefò rechèch sou nesosite k’ap devlope yo nan sektè sa. An plis de sa, Eta New York fèk lanse yonn nan pi gwo pwogram akseleratè biznis nan mond lan – [GENIUS NY](#)– ki ap rasanble pwopozisyon biznis yo nan kategori Sistèm Ayeryen Avyon Telegide ak Done pou Aplikasyon Desizyon yo, epi pral rasanble ansanm kèk nan inisyativ ki pi pwometè yo pou ede prepare avni New York Santral. Konpetisyon an, ki ap òganize aktyèlman, pral distribiye gwo prim ki rive jiska \$1 milyon dola, ansanm ak lòt resous ak sipò pou antreprenè yo.

An Novanm, yo pral pibliye plis detay nan Konvansyon UTM 2016 lan sou kijan atou ak estrateji sa yo pral ranfòse pou bay posibilite ki depase vizyon nou yo nan Eta New York. Konvansyon an pral gen ladan reyinyon enfòmatif NASA ki enpòtan sou demonstrasyon kapasite teknik nivo 2, kote anpil kolaboratè pral patisipe nan mwa Oktòb la. Konvansyon sa ap òganize pa Asosiyasyon Kontwòl Trafik Ayeryen, Asosiyasyon Entènasyonal pou Sistèm Ayeryen Aparèy Telegide yo, Kòporasyon Devlopman Empire State, Konte Onondaga, Konte Oneida, Kòporasyon CenterState pou Opòtinite Ekonomik, Alyans NUAIR, ak Inivèsite Syracuse. W’ap jwenn detay sou Konvansyon an [isit la](#).

### **Pwojè “Central NY Rising”**

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi. Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envestisman \$500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li te soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 5,900 nouvo pòs travay. W’ap jwenn plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418